

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA SOU TIMOUN VIKTIM YO

Li Akonpli Pwomès Li pou Siyen Lwa sou Timoun Viktim yo—Yon Pati Santral nan Kalandriye Jistis 2019 Gouvènè a—Nan 100 Premye Jou Nouvèl Sesyon Lejislatif lan

Lejislasyon an asire yo pou swiv agresè timoun kriminèlman ak sivilman

Gouvènè Andrew M. Cuomo te akonpli jodi a pwomès li pou siyen Lwa sou Timoun Viktim yo (Child Victims Act), yon eleman kle nan Kalandriye Jistis 2019 la (2019 Justice Agenda), nan 100 premye jou nouvèl sesyon lejislatif lan. Lejislasyon sa a asire moun ki maltrete timoun resevwa pou swit kriminèl ak sivil epi sivivan agresyon seksyèl nan anfans yo jwenn yon wout pou jistis. Gouvènè Cuomo te defann pasaj Lwa sou Timoun Viktim pandan dènye sesyon lejislatif lan, men Senatè Repibliken te refize prezante li nan chanm lan pou yon vòt.

“Nou isi a jodi a paske sivivan yo ki te andire doulè inimaginab te pale ak anpil kouraj epi te sakrifye pwòp vi prive yo pou fè chanjman pou lòt”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lwa sa a pote jistis pou moun ki te abize, epi repare tò ki te rete kache epi enpini pandan twò lontan. Lè nou siyen lwa sa a, nou di pèsòn pa anwo lalwa, manto otorite pa enpenetrab, epi si ou vyole lalwa, nap dekouvri sa epi w ap pini epi jistis ap rann.”

“Aprè plizyè ane reta ki pat nesèsè, Lwa sou Timoun Viktim yo finalman se yon reyalite epi jistis ap vini pou anpil Nouyòkè”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Sivivan yo ki te konbat si lontan epi si di merite lanmou ak admirasyon nou. Avèk nouvo lwa sa a, nou ranfòse sila yo ki te sibi gwo abi epi asire predatè seksyèl yo resevwa pou swit.”

Lwa sa a pral ofri soulajman nesèsè bay timoun ki viktim agresyon seksyèl lè li modifiye lwa antikite New York yo pou asire moun ki komèt zak yo resevwa pou swit pou aksyon yo, kèlkeswa lè yo te komèt krim lan. Anba lwa aktyèl la, yo pa ka tradwi moun lajistis pou enfraksyon abi seksyèl sou timoun yo apre senk pase depi sa te fèt epi yo dwe fè pou swit sivil pou konpòtman sa nan lespas twa zan avan 18èm anivèsè viktim lan.

Lejislasyon sa a:

- Ogmante kantite tan pandan kote otè krim sa yo ka resevwa pou swit kriminèl
- Pèmèt viktim krim sa yo pou kòmanse pwosè sivil nan nenpòt ki moman anvan yo rive nan laj 55 lane;

- Ofri viktim kote tan te elimine plent yo yon nouvo opòtinte pou ale nan tribinal lè yo ouvri yon peryòd yon ane pou yo kòmanse aksyon yo;
- Elimine nesessite pou depoze yon notifikasyon plent pou krim seksyèl yo komèt kont yon minè;
- Ekzije fòmasyon jidisyèl nan sa ki konsène krim ki enplike agresyon seksyèl kont minè;
- Otorize Biwo Administrasyon Tribinal (Office of Court Administration) pou pwomilge règ ak regleman pou desizyon atan pou yon aksyon yo renouvle.

Lidè Minorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, “Lè nou te angaje nan batay sa a pou Lwa sou Timoun Viktim yo, okenn nan nou pat panse li ta pral di konsa oswa pran tout tan sa a. Gouvènman an gen responsablite pou kanpe pou sivivan krim orib sa yo. Se pou sa Majorite Demokratik Sena a t ap batay bò kote sivivan yo epi pwomouvwa pandan plizyè ane pou pase Lwa sou Timoun Viktim yo epi retire baryè ki t ap pwoteje predatè yo. Mwen fyè pou m travay ak Senatè Brad Hoylman, Pòtpawòl Heastie epi Gouvènè Cuomo pou asire jistis finalman delivre”.

Pòtpawòl Asanble a, Carl Heastie te deklare, “Pandan plizyè ane, Majorite Asanble a te batay pou bay sivivan abi seksyèl nan anfans yo jou pa yo nan tribinal. Moun brav sa yo te tann lontan ase. Jodi a, yo yon pa pi pre jistis. Mwen vle remèsye esponsò Lwa a, manm Asanble Linda Rosenthal pou pwomosyon ak angajman enfatigab li pou sivivan yo. Mwen ta renmen remèsye tou kòlèg Majorite Asanble m yo ak efò Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak kòlèg li yo paske yo ede pou fè finalman lejislasyon sa a lwa tè a”.

Senatè Brad Hoylman te deklare, “Pandan plizyè ane, sivivan abi seksyèl nan anfans yo te gade Albany pou jistis epi pandan plizyè ane, plent yo te rete san repons. Jamè ankò. Avèk Lwa sou Timoun Viktim yo Gouvènè Cuomo siyen konye a, sivivan abi seksyèl nan anfans yo nan Leta New York finalman gen opòtinite pou chèche jistis kont moun ki abize yo ak enstitisyon ki te kapab tolere yo. Mwen tèlman fyè poum nan batay sa a bò kote Gouvènè Cuomo, ki te fè pa kouraje ak istorik sa a nan sipòte lwa sa a, Lidè Sena ak Premye ko-esponsò Andrea Stewart-Cousins, ki te pèsònèlman kraze blokaj sa ki dire deseni epi fè avanse lwa sa, ansanm ak Konferans Demokratik Sena a epi Manm Asanble Linda Rosenthal. Prensipalman, sepandan, sivivan abi seksyèl nan anfans yo merite kredi paske yo devwale tèt yo epi pataje istwa pèsònèl yo. Nan pwosesis la, sivivan yo te ganye kè ak panse manm Asanble Lejislati a epi gras ak yo, New York se yon kote ki pi an sekirite pou timoun nou yo”.

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, “Jodi a, apre 13 long ane difisil batay, nou ouvri yon wout pou jistis epi petèt yon minimòm gerizon, pou sivivan abi seksyèl nan anfans yo. Ak vòt Lwa sou Timoun Viktim yo, Leta New York voye yon mesaj san ekivòk epi pisan nou kanpe ak sivivan kont predatè yo, menm si yo pisan. Jodi a, nou aprann se pa tout ero ki pote manto: fanm ak gason brav yo ki te batay pandan plizyè ane pou wè pwojè lwa sa a vini lwa ede pou rann eta sa pi an sekirite pou tout moun. Mwen remèsye yo chak pou kourak yo ak pwomosyon yo. Epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak kòlèg mwen yo nan Asanble ak Sena Leta a pou sipò brav yo an favè Lwa sou Timoun Viktim yo pandan plizyè ane”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib yo sou sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE SOUSKRIPSYON OU](#)